



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 100 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL DISPONIB KOUNYE A POU ENFRASTRIKTI WO DEBI A GRAN VITÈS ATRAVÈ PWOGRAM KONEKSYON LOJMAN ABÒDAB LA

Pwogram lan vize konekte 100,000 inite lojman abòdab ak enfrastrikti wo debi a gran vitès atravè patenarya ant Biwo ConnectALL Empire State Development lan ak Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York la

Konplete agenda solid Gouvènè Hochul la pou abòde kriz lojman New York la – sa enkli plan lojman pou senkan, 25 milya dola plan lojman pou konstwi ak prezève 100,000 inite abòdab ak aksyon egzekitif pou ankouraje kwasans lojman

Demann pou aplikasyon nan men founisè sèvis entènèt kyo disponib [isit la](#)

Sondaj pou pwopriyetè pwopriyete k ap chèche konsiderasyon pou amelyorasyon wo debi gratis disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon yo ouvri kounye a pou Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab 100 milyon dola, yon patenarya ki te dirije pa Biwo ConnectALL Empire State Development lan an konsiltasyon ak Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la pou konsevwa ak enstale enfrastrikti wo debi nan 100,000 inite lojman abòdab atravè Eta New York. Pwogram nan, ki finanse federalman atravè Fon Pwojè Kapital (Capital Projects Fund, CPF) Depatman Trezò a nan kad Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) an, se pi gwo investisman sible nan koneksyon lojman abòdab nan peyi a. Demann pou Aplikasyon (Request For Applications, RFA) yo disponib [isit la](#).

"Kòm yon pati nan angajman administrasyon mwen an pran pou konstwi lojman ki an sekirite, ki estab, abòdab, n ap ogmante yon investisman federal 100 milyon dola pou bay Nouyòkè yo youn nan ekipman ki pi enpòtan nan kay nou ka ofri – ki se aksè ak entènèt a gran vitès", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak travay, lekòl, ak sèvis gouvènman esansyèl yo k ap dijitalize, kay abòdab bezwen wo debi ki abòdab, ki fyab, epi finansman sa a pral ede ranfòse efò nou pou konstwi lojman ki ekipe ak zouti debaz Nouyòkè yo bezwen pou yo reyisi. Mwen remèsye delegasyon New York la dèske li sipòte Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab New York la epi pou patenarya yo nan ede kreye lojman kote fanmi New York yo pa ka sèlman viv men kote yo pwospere tou."

Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab New York la se yon pwogram sibvansyon konpetitif ki fèt pou finanse enfrastrikti a gran vitès, ki fyab nan ak anndan bilding nan lojman ki gen revni fèb yo. Yo envite founisè sèvis Entènèt yo pou aplike pou 100 milyon dola nan finansman federal pou modènizasyon pou bay enfrastrikti entènèt nan inite lokasyon lojman abòdab pou sipòte entènèt a gran vitès.

Mèt pwopriyete yo dwe ranpli [yon sondaj](#) pou yo konsidere yo pou yo kapab fè amelyorasyon wo debi gratis. ConnectALL pral asosye pwopriyete ki elijib ak pi bon pwopozisyon Founisè Sèvis Entènèt pou konplete enstalasyon an.

Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab la konplete ajanda solid Gouvènè Hochul pou ogmante rezèv lojman, enkli lojman abòdab, epi adrese kriz lojman New York la. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a te anonse yon pake aksyon egzekitif pou ankouraje kwasans lojman atravè Eta New York, ki gen ladan: priyoreze Kominote Pro-Lojman pou 650 milyon dola nan finansman diskresyonè eta; yon evalyasyon nan tout eta a sou sit eta posede yo pou posiblite opòtinite lojman; kòmansman yon inisyativ pou adrese obstak regilasyon nan pwodiksyon lojman; ak kreyasyon yon pwogram pou akselere kwasans lojman nan seksyon Gowanus la nan Brooklyn. Nan kad Bidjè ane fiskal 2023 a, Gouvènè Hochul te asire tou finansman pou yon plan lojman 25 milya dola sou senkan pou konstwi ak prezève 100,000 kay abòdab.

Inisyativ ConnectALL New York la

Gouvènè Hochul te kreye Inisyativ ConnectALL 1.3 milya dola, pi gwo investisman ki te janm fèt nan enfrastrikti 21yèm syèk New York la, nan kad ajenda Eta 2022 li a. ConnectALL fèt pou fèmen divizyon dijital Eta New York la, transfòme enfrastrikti dijital eta a, epi asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak sèvis entènèt a gran vitès ki fyab ak abòdab. Pandan ane ki sot pase a, Biwo ConnectALL la te fè sesyon ekout, sondaj, ak gwoup ki konsantre nan chak rejyon nan eta a epi li te òganize fowòm endistri ak moun ki konsène yo pou konsevwa pwogram sibvansyon anblematik li yo.

ConnectALL te mobilize yon efò nan tout eta a pou konplete done wo debi federal yo, sa ki te garanti plis pase 664 milyon dola nan finansman federal pou adrese zòn riral ki pa jwenn sèvis ak zòn ki pa jwenn ase sèvis, anplis 100 milyon dola ki disponib pou Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab la. Biwo ConnectALL ESD a dènyèman [pibliye](#) projè Pwopozisyon Inisyativ Ekite, Aksè ak Deplwaman Wo Band Eta New York, Vol 1 & 2, ak Plan Ekite Dijital Eta a. Plan sa yo pral ede gide investisman piblik yo pou fè bon kalite wo debi, abòdab, fyab aksesib pou tout Nouyòkè yo. Nou ankouraje piblik la pou li plan yo nan www.broadband.ny.gov.

ConnectALL kontinye travay avèk ajans eta yo ak patnè kominotè yo pou ankouraje Pwogram Koneksyon Abòdab Komisyon Kominikasyon Federal la, ki kounye a gen plis pase 1.6 milyon kay New York ki enskri pou sibvansyon 30 dola chak mwa, sa ki pote prèske 50 milyon dola nan ekonomi total pou kay sa yo chak mwa.

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "100 Milyon dola nan finansman federal ke mwen te garanti nan Plan Sekou Ameriken an disponib kounye a pou konekte plizyè milye fanmi ak rezidan atravè New York ak sèvis entènèt ki gen bon jan kalite. Soti nan kominote riral yo rive nan katye vil ki trè aktif yo, twòp Nouyòkè te lite pou yo jwenn wo debi abòdab ak a gran vitès, men ak aplikasyon yo ouvri kounye a pou Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab la, nou nan yon etap pi pre pou nou konble divizyon dijital la. Entènèt la se pa yon liks, se yon enfrastrikti esansyèl epi finansman sa a pral ede Nouyòkè yo konekte ak nouvo opòtinite, edikasyon, swen sante ak anpil lòt bagay ankò lakay yo. Ansanm ak Gouvènè Hochul, n ap fè pwogrè solid pou transfòme peyizaj dijital eta nou an, epi ranfòse aksè ekitab ak entènèt pou ede Nouyòkè yo pwospere nan ekonomi 21yèm syèk jodi a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Aksè limite ak yon entènèt a gran vitès ki fyab fè li pi difisil pou timoun yo fè devwa yo, pou granmoun aje yo jwenn aksè ak randevou telesante, ak pou travayè yo pran avantaj opòtinite travay elwaye. Entènèt bon jan kalite se pa yon liks ankò - li se yon nesesite nan lavi chak jou. Finansman federal sa a pral pote wo debi nan inite lojman abòdab yo atravè New York epi amelyore kalite lavi pou fanmi New York yo. Mwen fyè dèske m te goumen pou m pase Plan Sekou Ameriken an pou garanti finansman sa a epi m ap kontinye goumen pou resous federal yo pou fèmen divizyon dijital la yon fwa pou tout."

Reprezantan Jerry Nadler te deklare, "Wo debi a gran vitès se pa yon liks ankò—se yon nesesite. Gras ak Plan Sekou Ameriken an, Demokrat yo ap bay aksè ak entènèt abòdab nan kay ki gen revni ki ba atravè eta nou an, pou kenbe Nouyòkè yo konekte ak fanmi yo ansanm ak opòtinite karyè ak edikasyon yo."

Reprezantan Gregory Meeks, te deklare, "Enfrastrikti a gran vitès ki disponib nan lojman abòdab la esansyèl pou Nouyòkè yo. Koneksyon lojman abòdab debloke anpil opòtinite pou rezidan yo. 100 milyon dola nan fon federal yo investi nan devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl lè yo pèmèt moun jwenn aksè ak resous enpòtan tankou edikasyon sou entènèt, travay aleka, sèvis telesante ak yon mond enfòmasyon ki disponib. Mwen se yon gwo defansè pou entegre wo debi a gran vitès nan lojman abòdab paske nou ap konble divizyon dijital la. Nou rekonèt ke entènèt la se pa yon liks men li obligatwa nan sosyete modèn lan. Lajan federal yo ede kreye enklizivite nan mitan kominote nou yo, kote tout moun, kèlkeswa sikonstans ekonomik yo, gen resous ki nesesè pou yo reyisi."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Aksè ak bon jan kalite entènèt a gran vitès se yon nesesite nan mond jodi a – pou lekòl, travay, ak pou opòtinite egal. Kongrè a te adopte Plan Sekou Ameriken an pou ede moun, biznis ak kominote yo retounen pi fò apre pandemi an. Mwen felisite lidèchip Gouvènè Hochul paske li avanse aplikasyon ak ekite wo debi."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "depi lontan entènèt wo debi se yon resous esansyèl nan ekonomi 21yèm syèk nou an – kit pou fè devwa, aksè ak telemedsin, soumèt yon aplikasyon pou travay, oswa tou senpleman konekte ak moun ou renmen

yo ak kominote a an jeneral. Pandan plizyè ane mwen te mete presyon nan nivo federal pou amelyore aksè ak abòdabilite wo debi, ki gen ladan l'atravè Lwa ACCESS BROADBAND mwen an ak dispozisyon ki nan Plan Sekou Ameriken an. Mwen kontan wè investisman enpòtan sa yo ap sèvi byen pou kominote New York nou yo epi mwen pral kontinye travay pou asire tout moun atravè eta nou an kapab achte epi jwenn aksè ak yon entènèt ki fyab."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Nan Kongrè a, mwen fyè dèske mwen te ede kreye Fon Koneksyon Ijans (Emergency Connectivity Fund, ECF) ki koute 7 milya dola ki te ogmante aksè ak entènèt atravè eta nou an ak peyi nou an, enkli nan lekòl ak bibliyotèk yo nan distri kongrè mwen an nan Queens. Mwen kontan anpil pou 100 milyon dola sa a epi depi lontan mwen sipòte konekte plis inite lojman abòdab nou yo sou entènèt la. Tout moun merite aksè ak wo debi ki fyab, abòdab epi agran vitès, epi antanke reprezantan New York nan Konsèy Lidèchip Rejyonal la, mwen kontan wè plis finansman federal ki prale nan eta nou an. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sa a."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Genyen wo debi ki aksesib ak abòdab esansyèl nan ekonomi nou an ak nan kalite lavi nou. Pwogram sa a se yon eleman enpòtan nan inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la epi li pral konekte tout Nouyòkè yo, espesyalman nan kominote ki istorikman te rete dèyè yo."

Jolie Milstein, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing, NYSAFAH), te deklare, "Koneksyon wo debi pa yon liks ankò – li se yon nesesitye. Ak aplikasyon yo ki ouvri ofisyèlman, pwogram ConnectALL la kapab asire ke plizyè milye Nouyòkè gen plis aksè ak opòtinite travay ak edikasyon atravè eta a. Felisitasyon ak administrasyon Hochul la pou lansman sa a, epi nou pa ka tann pou nou deplwaye resous enpòtan sa yo nan modènizasyon modènize nan pòtfèy lojman abòdab nou an."

Investisman 100 milyon dola sa a nan Eta New York soti nan 10 milya dola nan Fon Pwojè Kapital Plan Sekou Ameriken an. Li ajoute sou finansman federal istorik la ki garanti nan Lwa sou Enfrastruktir & Travay Bilateral (Bipartisan Infrastructure & Jobs Law) la ki enkli yon rekò 65 milya dola pou ekspansyon entènèt a gran vitès pou konekte moun ki pa jwenn ase sèvis yo, rann entènèt abòdab, epi bay resous pou alfabetizasyon dijital. Lwa sou Enfrastruktir Bilateral la ak Plan Sekou Ameriken an ap travay ansanm pou fèmen divizyon dijital la – sa k ap bay aksè ak entènèt a gran vitès nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo epi redwi depans pou moun ki pa gen mwayen pou genyen li.

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)